



Repiblik Aviti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)

### AVI REKRITMAN TEKNISYEN KOMINIKASYON

Akademi Kreyòl Ayisyen se yon Enstitisyon Leta endepandan. Misyon li se travay pou kore devlopman Lang ak Kilti Kreyòl la nan sosyete a. Li vle fè tout moun sa ka enterese konnen, li gen yon pòs TEKNISYEN KOMINIKASYON ki disponib.

#### KALIFIKASYON

##### Teknisyen Kominikasyon an dwe:

- gen nasyonalite ayisyen (fi oswa gason) ;
- gen yon lisans nan kominikasyon oubyen nan jounalis;
- genyen pou pi piti 2 lane eksperyans nan kominikasyon;
- genyen konpetans nan lang kreyòl aloral tankou alekri ;
- genyen konpetans nan fotografi ak vifdeyografi ;
- genyen konpetans nan jesyon rezo sosyal yo;
- manifeste enterè li pou lang kreyòl ;
- konnen lòt lang tankou franse, anglè ak panyòl. Se yon avantaj anfavè kandida a;
- montre dispozisyon pou respè prensip etik pwofesyonèl ;
- montre bonjan kapasite pou li kominike epi pou li devlope bon relasyon ak moun ;
- genyen sans responsablite ;
- dispoze pou patisipe nan tout lòt travay ki gen rapò ak aktivite Akademi an.

Pou kandida a jwenn enfòmasyon sou travay ak kalite Teknisyen Kominikasyon an, li kapab vizite sit Akademi an : <http://www.akademikrevol.net> nan ribrik *dokiman*, ansanm ak paj Facebook li: [facebook.com/akademi.kreyol](https://www.facebook.com/akademi.kreyol)

Pou plis enfòmasyon telefòn : 3333-0815/17 \* 2817-5964/65.

Vandredi 20 jiyè 2018, se dat limit pou kandida a depoze dosye li (CV, kopi diplòm, atestasyon, lèt motivasyon, foto) nan biwo AKA (6, ri Marguerit, Turgeau) ak nan imel [enfomasyon@akademikrevol.net](mailto:enfomasyon@akademikrevol.net)

## DESKRIPSYON TRAVAY AK RESPONSABLITE

**Tit pòs la :** Teknisyen Kominikasyon

**Moun ki sou tèt li :** Direktè Kominikasyon an

**Kote li afekte :** Direksyon Kominikasyon

*Teknisyen kominikasyon an gen reponsablite pou li patisipe nan pwogramasyon ak reyalizasyon plan kominikasyon Akademi an.*

### **Prensipal misyon Teknisyen an:**

- asiste Direktè Kominikasyon an nan òganizasyon travay Direksyon an ;
- responsab pwodiksyon jounal AKA ;
- kowòdone aktivite pledwaye pou Akademi an;
- prepare materyèl kominikasyon pou Akademi an;
- planifye aktivite pwomosyon pou Akademi an;
- patisipe nan jesyon sit Akademi an;

### **Kalifikasyon**

Men kalifikasyon li ap bezwen :

- gen nasyonalite Ayisyen (fi oswa gason) ;
- genyen yon lisans nan kominikasyon oubyen nan jounalis;
- genyen pou pi piti 2 lane eksperyans nan kominikasyon;
- genyen konpetans nan lang kreyòl aloral tankou alekri ;
- genyen konpetans nan fotografi ak vifdeyografi ;
- genyen konpetans nan jesyon rezo sosyal yo;
- manifeste enterè li pou lang kreyòl ;
- konnen lòt lang tankou franse, anglè ak panyòl. Se yon avantaj anfavè kandida a;
- montre dispozisyon pou respè prensip etik pwofesyonèl ;
- montre bonjan kapasite pou li kominike epi pou li devlope bon relasyon ak moun ;
- genyen sans responsablite ;
- dispoze pou patisipe nan tout lòt travay ki gen rapò ak aktivite Akademi an.